

Kiyès ki Dwe Fè Depistaj pou Kansè Kòl Iteris epi Konben Fwa?

Tout fanm ki gen ant 21 ak 65 lane, san bliye sa k te pran vaksen HPV, bezwen depistaj kansè kòl iteris.

- Fanm ki gen ant 21 ak 29 lane dwe fè yon Pap tès chak twa lane.
- Fanm ki gen ant 30 ak 65 lane kapab chwazi yon Pap tès chak twazan, yon HR HPV tès chak senkan, oswa yon Pap tès ak HR HPV tès chak senkan.

Fanm ki depase 65 lane oswa fanm ki te retire kòl iteris yo dwe pale ak pwofesyonèl swen sante yo pou decide kisa k pi bon pou yo.

Kisa Sentòm Kansè Kòl Iteris yo ye?

Kansè Kòl Iteris ka pa lakòz ankenn sentòm nan koumansman. Se poutèt sa li enpòtan pou fè depistaj tanzantan.

Sentòm kansè kòl iteris yo ka gen ladan l:

- Gwo ekoulman nan vajen oswa sekresyon (plis pase sak nòmal)
- Emoraji apre sèks, ant de mwa règ oswa apre yon egzamen basen
- Doulè pandan w ap fè sèks oswa ap pipi

Si ou gen youn nan sentòm sa yo, pale ak founisè swen sante ou.


Èske ou te konnen...

- Vaksen HPV ka anpeche pi fò kansè kòl iteris ak kèk lòt kansè.
- Itilizasyon kondòm pandan sèks ak pa fimèn ka bese chans pou fè kansè kòl iteris.
- Fanm yo dwe toujou swiv ak yon pwofesyonèl swen sante si rezilta depistaj kansè kòl iteris yo pa nòmal.

Ou pa gen Asirans?

New York State Department of Health Cancer Services Program [Pwogram Sèvis Kansè Depatman Sante Eta New York] la ofri depistaj kansè kòl iteris pou moun New York ki kalifye e ki pa asire. Rele **1-866-442-CANCER (2262)** pou jwenn yon pwogram toupre w.

W ap jwenn enfòmasyon pou enskripsyon nan yon plan sante atravè New York State of Health la nan liy sa **855.355.5777** oswa ale sou: nystateofhealth.ny.gov.



Department
of Health

Chèche Konnen sou Kansè kòl iteris



Ou ka fè Prevansyon Kansè Kòl Iteris.

Depistaj tanzantan kapab ede anpeche kansè kòl iteris oswa detekte li bonè, ak kilè tretman ka mache pi byen.

Fanm ki gen ant 21 ak 65 lane dwe pale ak pwofesyonèl swen sante yo sou depistaj kansè kòl iteris.



Cancer Services
Program

Kisa k Kansè Kòl Iteris?

Kansè kòl iteris se kansè ki kòmanse nan kòl iteris yon fanm. Kòl la se ouvèti iteris la. Li konekte iteris la ak vajen an.

Pi souvan kansè kòl iteris koumanse ak chanjman nan selil sou kòl iteris la. Si yo jwenn li bonè, yo ka retire selil sa yo pou bloke kansè.



Kisa ki Lakòz Kansè Kòl Iteris?

Pi fò kansè kòl iteris rive akòz papiyomaviris lakay moun (HPV). HPV se yon enfeksyon moun pran nan fè bagay. Ni gason ni fanm ka pran HPV ak kansè ki rive akòz HPV, tankou kansè kòl matris, vajen, penis, anis ak gòj.

Vaksen HPV a ka anpeche HPV. Vaksen HPV a bon pou tifi ak tigason ant 9 ak 14 lane, ak jèn granmoun 26 lane.

Ki Chans ki genyen pou Fè Kansè Kòl Iteris?

- **Pran HPV.** HPV lakòz preske tout ka kansè kòl iteris.
- **Ou pa fè depistaj.** Kansè kòl iteris se li ou jwenn plis lakay fanm ki pa janm fè depistaj.
- **Fimen.** Fanm ki fimen gen de fwa plis chans pou yo fè kansè kòl iteris pase sak pa fimen yo.
- **Laj.** Fanm ki depase 30 lane gen plis chans pou yo fè kansè kòl matris.



Chans pou fè kansè kòl iteris ka ogmante lè:

- Te pran tretman pou kansè kòl iteris oswa displasya (selil prekansè)
- Itilizasyon pilil pou kontwòle fè pitit pandan senkan oswa plis
- Fè pitit twa fwa oswa plis
- Fè sèks ak plizyè moun
- Gen VIH oswa yon lòt pwoblèm ki rann li difisil pou kò w goumen ak enfeksyon
- Manman w te pran DES (diethylstilbestrol) pandan li te ansent ou



Kijan Mwen ka Jwenn Depistaj Kansè Kòl Iteris?

Depistaj vle di tcheke si gen siy kansè anvan gen sentòm oswa pwoblèm.

Gen de tè depistaj ki kapab ede bloke kansè sèvikal oswa jwenn li bonè:

Pap tè (oswa Pap Smear)

Yon Pap (Papanicolaou) tè cache chanjman nan selils ki soti nan kòl iteris la.

Wo Ris (HR) HPV Tès

HR HPV tè la cache kalte HPV ki lakòz kansè kòl iteris. Tès sa le pli souvan fèt nan menm moman ak Pap tè la.

Swiv ak pwofesyonèl swen ou lan pou konnen si rezilta depistaj ou yo nòmal.

